

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dijudulan Pesen Self-Empowerment dina Lirik Lagu Feel Special Karya TWICE (Studi Analisis Semiotika Roland R. Barthes dina Pesen Self-Empowerment dina Lirik Lagu Feel Special Karya TWICE). Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nalungtik pesen Self-Empowerment anu nyampak dina lirik lagu Feel Special karya TWICE ku ngagunakeun pamarekan semiotika Roland Barthes. Méthode anu digunakeun nyaéta méthode kualitatif kalayan analisis semiotika Roland Barthes anu museur kana ma'na denotasi, konotasi, jeung mitos. Data dikumpulkeun ngaliwatan studi dokuméntasi kana lirik lagu jeung cuplikan video musik, ogé wawancara sacara jero jeung akademisi sarta ONCE salaku panggemar TWICE. Hasil panalungtikan némbongkeun yén dina tataran denotasi, lagu Feel Special ngagambarkeun lalampahan émosional hiji jalma anu ngalaman kasepian, katerpurukan, leungitna kapercayaan diri, sarta ngarasa dirina teu miboga ajén. Sanajan kitu, ku ayana pangrojong jeung panarimaan ti batur, éta jalma ahirna mampuh hudang deui tina kaayaan anu hésé. Dina tataran konotasi, ieu lagu ngareprésentasikeun prosés Self-Empowerment ngaliwatan simbol-simbol kasepian, cahaya, harepan, pangrojong, jeung panarimaan anu mantuan individu pikeun manggihan deui ajén dirina. Sedengkeun dina tataran mitos, kapanggih ayana kayakinan budaya yén pangrojong émosional, panarimaan sosial, sarta pangajén kana diri miboga peran anu penting dina ngawangun deui kapercayaan diri jeung rasa ajén diri hiji jalma.

Kecap Konci: Self-Empowerment, Roland Barthes Sémiotik, Lirik Lagu.